# 1917-JÍLǴÍ FEVRAL REVOLYUCIYASÍ HÁM TÚRKSTANDAǴÍ KOLONIALLÍQ BASQARÍW SISTEMASÍNÍŃ KRIZISI

**Qurbaniyazova Ayzada Pulatovna –** *magistrant*
Ayzada_polat_qizi@mail.ru
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ФЕВРАЛЬСКАЯ РЕВОЛЮЦИЯ 1917 ГОДА И КРИЗИС КОЛОНИАЛЬНОЙ СИСТЕМЫ УПРАВЛЕНИЯ В ТУРКЕСТАНЕ

**Курбаниязова Айзада Пулатовна –** *магистрант*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE REBRUARY REVOLUTION OF 1917 AND THE CRISIS OF THE COLONIAL ADMINISTRATIVE SYSTEM IN TURKESTAN

**Kurbaniyazova Ayzada Pulatovna** – *master's student*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** Turkiston, Fevral inqilobi, mustamlakachilik, inqiroz, jadidchilik, Muvaqqat hukumat, Turkiston qo‘mitasi, milliy muxtoriyat, siyosiy turbulentlik.

**Rezyume.** Maqolada 1917-yilgi Fevral inqilobi arafasidagi Turkiston o‘lkasidagi siyosiy vaziyat va Rossiya imperiyasining "harbiy-xalq boshqaruvi" tizimining inqirozli holati tahlil qilinadi. Tadqiqot jarayonida tarixiy xolislik, tizimli tahlil va qiyosiy-tarixiy metodlardan foydalanilgan. Muvaqqat hukumatning mustamlakachilik merosidan voz kecha olmagani hokimiyatning radikal kuchlar qo‘liga o‘tishiga sabab bo‘lgan eng asosiy omil ekanligi ta’kidlangan.

**Ключевые слова:** Туркестан, Февральская революция, колониализм, кризис, джадидизм, Временное правительство, Туркестанский комитет, национальная автономия, политическая турбулентность.

**Резюме.** В статье анализируется политическая ситуация в Туркестанском крае накануне Февральской революции 1917 года и кризисное состояние системы "военно-народного управления" Российской империи. В процессе исследования использованы историческая объективность, системный анализ и сравнительно-исторические методы. Подчеркивается, что неспособность Временного правительства отказаться от колониального наследия стала ключевым фактором, приведшим к переходу власти в руки радикальных сил.

**Key words:** Turkestan, February Revolution, colonialism, crisis, Jadidism, Provisional Government, Turkestan Committee, national autonomy, political turbulence.

**Summary.** The article analyzes the political situation in the Turkestan region on the eve of the February Revolution of 1917 and the crisis state of the Russian Empire's "military-people's rule" system. Historical objectivity, systematic analysis, and comparative-historical methods were used in the research process. It was emphasized that the interim government's inability to renounce its colonial legacy was the primary factor leading to the transfer of power to radical forces.

**Kirisiw.** Rossiya imperiyasınıń Túrkstandaǵı basqarıw sisteması óz tábiyatına qaray "áskeriy-xalıq basqarıwı" dep atalsa da, tiykarında ol absolyut oraylasqan hám repressiv apparatqa súyengen edi. XX ásir baslarına kelip, bul sistema óziniń funkcional imkaniyatların tamamladı. Koloniallıq hákimiyat jergilikli xalıqtıń sociallıq-huqıqıy mútájliklerin qanaatlandıra almawı nátiyjesinde mámleket hám jámiyet arasındaǵı úzilis krizisli noqatqa jetti. Maqalada Fevral revolyuciyası aldındaǵı usı krizisli jaǵday hám onıń Túrkstandaǵı aqıbetleri talqılanadı.

Izertlewde belgili ilimpazlardıń konceptual kózqaraslarına súyenildi:

– V.V.Bartold: Túrkstan hákimshiligindegi nızamlılıq emes, al buyrıqpazlıq sistemasınıń ishki jemiriliwin analizlegen;

– P.G.Galuzo: 1916-jılǵı kóterilisti koloniallıq ekspluataciyanıń ekonomikalıq hám siyasiy krizisi sıpatında bahalaǵan;

– Adeeb Khalid: Imperiya administraciyasınıń Túrkstandı "statikalıq hám ózgermeytuǵın Shıǵıs" sıpatında kóriwi basqarıwdaǵı metodologiyalıq qátelik bolǵanın tiykarlaǵan.

– Q.Rajabov: Túrkstan komitetiniń real hákimiyatqa iye emesligi hám "úsh hákimiyatshılıq" halatın ashıp bergen;

Bul dáwirdegi basqarıw sistemasındaǵı krizistiń dáslepki belgisi – hákimshilik korrupciya hám byurokratiyalıq turǵınlıq boldı. General-gubernatorlıq apparatı jergilikli sharayattan ajıralıp qalǵan bolıp, ol tek metropoliya máplerin qorǵawshı mexanizmge aylanǵan edi. Belgili shıǵıstanıwshı ilimpaz V.V.Bartoldtıń atap ótkenindey, "Túrkstan basqarıwında nızamlılıq emes, al hákimshilik buyrıqpazlıq ústinligi sistemanıń ishki jemiriliwine tiykar boldı" [1:218].

Krizistiń ekinshi áhmiyetli faktorı – 1916-jılǵı kóterilis hám onıń aqıbetleri. 25-iyundaǵı "márdikarlıqqa alıw" haqqındaǵı párman imperiyanıń shetki aymaqlardaǵı basqarıw qadaǵalawın joǵaltqanlıǵın kórsetti. Tariyxshi alım P.G.Galuzonıń izertlewlerine qaraǵanda, bul kóterilis ápiwayı narazılıq emes, al koloniallıq ekspluataciyanıń ekonomikalıq hám siyasiy krizisi nátiyjesi edi [2:142]. Rossiya hákimshiligi kóterilisti bastırıwda ǵalabalıq jaza sharaların qollanıwı, jergilikli xalıqtıń imperiyaǵa bolǵan sońǵı isenim qaldıqların da joq etti.

Izertlew barısında tariyxıy obyektivlik, sistemalı analiz hám salıstırmalı-tariyxıy metodlardan paydalanılǵan. Arxiv materialları hám sol dáwirdegi siyasiy ǵayratkerlerdiń (M.Shoqaev, A.Fitrat) shıǵarmalarındaǵı maǵlıwmatlar salıstırmalı talqılandı.

Sonıń menen birge, Rossiya imperiyası quramındaǵı institucionallıq krizis Fevral revolyuciyası qarsańında tómendegi baǵdarlarda kórindi:

1. Ekonomikalıq krizis: Birinshi jáhán urısı sebepli úlkede júzege kelgen azıq-awqat jetispewshiligi hám

paxta monokulturasınıń apatlı aqıbetleri.

2. Ideyalogiyalıq krizis: Jadidshilik háreketiniń siyasiylasıwı hám olardıń "huqıqıy mámleket" hám "avtonomiya" ideyaları menen shıǵıwı.

3. Kadrlar mashqalası: Koloniallıq hámeldarlardıń jana siyasiy reallıqqa (demokratiyalıq ózgerislerge) tayar emesligi.

Tariyxshı Adeeb Xalidtiń «The Politics of Muslim Cultural Reform: Jadidism in Central Asia» miynetinde, imperiya administraciyası Túrkstandı "dinamikalıq rawajlanıp atırǵan jámiyet" sıpatında emes, al "statikalıq hám ózgermeytuǵın Shıǵıs" sıpatında kóriwdi dawam etti [3:156]. Bul metodologiyalıq qáte basqarıw hákimshiliginiń Fevral revolyuciyası tásirinde júzege kelgen siyasiy turbolentlikke qarsı tura almaslıǵın belgilep berdi.

Túrkstan Jádidleri reformalardı basqıshpa-basqısh ámelge asırıwdı, rawajlanıwǵa tek tınıshlıq jolı menen, parlament arqalı erisiwdi gózlegen edi. 1917-jıldaǵı waqıyalar procesi, Jádidshilik háreketiniń iri teoretigi Abdurauf Fitrat sol waqıtta jazǵanınday, «Rossiyada bas kótergen jańa bir bále – bolshevik bálesi» kúshlerdiń qatnasın pútkilley ózgertip jiberdi.

Ózbek xalqınıń basqa bir pidáyı perzenti Maxmudxoja Behbudiy tárepinen ortaǵa taslanǵan «Haq alınadı, berilmeydi!» uranı pútkil millettiń jawıngerlik shaqırıǵına aylandı.

Fevral revolyuciyası Túrkstan úlkesi musılman xalqın siyasiy jaqtan oyatıwda, demokratiyalıq ózgerislerge basshılıq etpekshi bolǵan jańa kúshlerdiń siyasat maydanına shıǵıwında zárúr áhmiyetke iye boldı. Jádidler júzege kelip atırǵan milliy demokratiyalıq kúshlerdiń ózegi boldı. Olar aymaqta tiykarǵı xalıqlarınıń rawajlanıw hám ǵárezsizlik haqqındaǵı óz ideyaların Fevral revolyuciyası ideyaları menen baylanıstırıp, ózleri járiyalaǵan principlerin ámelge asırıwǵa tez kiristi.

Solay etip, 1917-jıldıń fevralına kelip, Rossiya imperiyasınıń Túrkstandaǵı basqarıw sisteması tek sırtqı (revolyuciyalıq) emes, al ishki (sistemalı) krizis tásirinde búlginshilikke kelip qalǵan edi. Fevral revolyuciyası bolsa bul processti tezlestirip, gónergen hákimshilik apparatınıń pútkilley awdarılıwına túrtki boldı.

1917-jıl fevral ayında Rossiya imperiyası orayında júz bergen mámleket awdarıspaǵı aqıbetinde 15-mart kúni Nikolay II taxttan waz keshedi. Hákimiyat basqarıwına Waqıtsha húkimet keldi. Solay etip, bul mámlekette imperiya húkimdarlıǵına shek qoyıldı. Usı keskin siyasiy ózgeris baǵınıshlı úlkeler turmısına da tásir ótkeriwi tábiyiy edi. Túrkstan boylap hár bir qala, uezd, volost hám awılda eski hákimshilik basqarmaları Waqıtsha húkimet tárepinen tamamlanıp, ornına jámáátlik shólkemleri atqarıw komitetleri, yaǵnıy jámáátlik qáwipsizligi dep atalǵan komitetler payda bola basladı.

1917-jıldıń mart ayında shólkemlestirilgen «Sho'royi Islomiya» shólkemine Munavvar qarı Abdurashidxanov basshılıq etti. Onnan 1917-jıldıń iyun ayında «Sho'royi ulamo» hám 1917-jıldıń iyul ayında «Túrk adami markaziyat firqasi» («Túrkstan federalistler partiyası») ajıralıp shıqqan edi. Bul háreketler Túrkstan máplerin qorǵawdı óz maqseti dep bilgen pıtıranqı milliy siyasiy kúshlerdi birlestiriw ushın islengen dáslepki urınıwlardan biri edi.

«Sho'royi islomiya» baslaması menen Tashkentte 1917-jıl 16-23-aprel kúnleri Pútkiltúrkstan musılmanlarınıń birinshi úlke qurıltayı bolıp ótti. Onda pútkil Túrkstannan 150 ge jaqın delegat toplandı. 20 ǵa jaqın máseleni kórip shıqqan qurıltay úlkede koloniyallıqtı tamamlaw hám tartıp alınǵan jerlerdi jergilikli xalıqqa qaytarıw boyınsha qarar qabıl etken. Bul jıynalısta Túrkstanda musılmanlar Oraylıq Awqamın shólkemlestiriwge de kelisilgen. Bul qarar keyinnen Milliy oray túrinde ámelge asırıldı.

Izertlew nátiyjesinde tómendegiler anıqlandı:

– Imperiyanıń Túrkstandaǵı basqarıw mexanizmi XX ásir baslarına kelip óz funkcionallıǵın joǵaltqan;

– 1916-jılǵı kóterilis hám Birinshi jáhán urısı aqibetinde júzege kelgen ekonomikalıq, ideologiyalıq hám kadrlar mashqalası Fevral revolyuciyasınıń úlkede keskin tásir etiwine jol ashtı;

– Jadidlerdiń siyasiy maydanǵa shıǵıwı hám "Shuroi Islomiya" sıyaqlı milliy shólkemlerdiń dúziliwi milliy-demokratiyalıq rawajlanıwdıń tiykarı bolǵan.

Rossiyanıń Birinshi jáhán urısındaǵı jeńilisi hám ekonomikalıq krizis xalıqtıń narazılıǵın kúsheytti. 1917-jıl marttan baslap jadidler milliy demokratiyalıq kúshlerdiń ózegine aylandı. Biraq, Túrkstan Waqıtsha húkimet komiteti "kolonializmdi demokratiyalıq nıqap astında dawam ettiriw" modeline súyenip, xalıqtıń jer, azıq-awqat hám avtonomiya talapların qanaatlandırmadı. Bul bolsa siyasiy turbulentlikti kúsheytip, radikal kúshlerdiń (bolshevikler) hákimiyatqa keliwine tiykar jarattı.

Rossiya waqıtsha húkimeti tárepinen imperiyanıń shetki aymaqların basqarıwdı jańa tiykarǵa ótkeriw maqsetinde arnawlı organlar dúzildi. 1917-jılı 7-aprelde dúzilgen Túrkstan komiteti (Túrkstan waqıtsha húkimet komiteti) úlkedegi joqarı hákimshilik hákimiyat uyımı sıpatında jumıs basladı. Komitet quramına N.Shchepkin (baslıq), sonday-aq, jergilikli wákillerden A.Bokeyxanov hám M.Chokaev sıyaqlı gayratkerler kirgizilgen edi [4:84].

Túrkstan komiteti xızmetiniń fundamentallıq qarama-qarsılıǵı sonda, ol bir tárepten revolyuciyalıq demokratiya ideyaların deklaraciyalasa, ekinshi tárepten Rossiyanıń "birden-bir hám bólinbes" imperiya sıpatındaǵı geosiyasiy máplerin saqlap qalıwǵa urındı. Waqıtsha húkimettiń Túrkstandaǵı siyasatı "kolonializmdi demokratiyalıq nıqap astında dawam ettiriw" (reformistlik kolonializm) modeline tiykarlanǵan edi.

Tariyxshı ilimpaz Q.Rajabov talqılawlarına qaraǵanda, Túrkstan komitetiniń eń ázzi noqatı onıń real hákimiyat tirgeklerine iye emesligi edi. Úlkede ámelde úsh hákimiyatshılıq (Túrkstan waqıtsha húkimet komiteti, Isshi hám soldat deputatları soveti hám de jergilikli milliy shólkemler – "Shuroi Islomiya") júzege keldi [5:42]. Túrkstan waqıtsha húkimet Komiteti oraydan jiberilgen kórsetpelerdi orınlawda kóbirek jergilikli rus áskerleri hám hámeldarlarına súyendi, bul bolsa jergilikli xalıqtıń isenimsizligin jáne de arttırdı.

Sonıń menen birge, Túrkstan waqıtsha húkimet komitetiniń jumısında tómendegi tómenlew belgileri kózge taslanadı:

1. Jer-suw máselesindegi isenimsizlik: Komitet kóship keltirilgen rus xalqı hám jergilikli diyqanlar arasındaǵı jer dawların sheshiwde eski imperiya nızamshılıqlarınan sheginbedi.

2. Azıq-awqat diktaturası: Urıs sharayatında Túrkstannan dán hám ǵálleni orayǵa tasıw siyasatınıń dawam ettiriliwi úlkede ǵalabalıq asharshılıq qáwpin tuwdırdı [6:115].

3. Milliy avtonomiya máselesin keshiktiriw: Jádidler tárepinen alǵa súrilgen ózin-ózi basqarıw ideyalarına Túrkstan komiteti "Shólkemlestiriw májilisi" (Учредительное собрание) qararın kútiw bánesi menen tosqınlıq etti.

Mustafa Shoqaev óz eske túsiriwlerinde Túrkstan komitetiniń iskersizligin sınǵa alıp, "Waqıtsha húkimet hám onıń Túrkstandaǵı uyımı patsha basqarıw sisteması hákimshilik miyrasınan waz keshe almadı, bul bolsa revolyuciyalıq háreketlerdiń radikallasıwına jol ashtı" dep jazǵan edi [7:56].

Túrkstandaǵı 1917-jılǵı Fevral revolyuciyası qarsańındaǵı siyasiy jaǵdaydı analizlew tómendegi fundamental juwmaqlardı shıǵarıwǵa imkan beredi:

1. Sistemalı krizis: Rossiya imperiyasınıń "áskeriy-xalıq basqarıwı" XX ásir basına kelip, óziniń basqarıw resursın pútkilley tawısqan edi. Maqalada keltirilgen hákimshilik, ekonomikalıq hám kadrlar krizisi bul sistemanıń sırttan emes, al ishki strukturalıq buzılıslar nátiyjesinde jemirilgenligin dálilleydi.

2. Waqıtsha húkimettiń strategiyalıq qátesi: Fevral revolyuciyasınan keyin dúzilgen Túrkstan komiteti úlkede jańa demokratiyalıq principlerdi járiyalaǵanı menen, ámelde eski koloniallıq apparattıń máplerin qorǵawdı dawam ettirdi. Bul "reformistlik kolonializm" modeli jergilikli xalıqtıń mútájliklerin (jer, azıq-awqat, avtonomiya) qanaatlandıra almadı, bul bolsa xalıq arasındaǵı narazılıqtıń radikallasıwına sebep boldı.

3. Milliy oyanıw hám Alternativa: Jádidler basshılıǵındaǵı milliy-demokratiyalıq kúshler ("Sho'royi Islomiya", "Túrk adami markaziyat firqasi") sol dáwirdegi Túrkstan ushın eń real hám progressiv rawajlanıw alternativasın usındı. Olardıń parlamentarizm hám huqıqıy mámleket ideyaları úlkeniń milliy mámleketshilik tariyxında jańa bet ashtı.

**Juwmaq**. Juwmaqlap aytqanda, Túrkstan waqıtsha húkimet komitetiniń jumısı sátsizlikke húkim etilgen edi. Sebebi ol revolyuciya bergen siyasiy erkinlikler menen imperiya mápleri ortasındaǵı teń salmaqlılıqtı taba almadı. Bul bolsa 1917-jıl sentyabr-oktyabr aylarına kelip, úlkede siyasiy búlginshiliktiń jáne de tereńlesiwine hám hákimiyattıń radikal kúshler (bolshevikler) qolına ótiwine tiykar jarattı.

## Ádebiyatlar


1. Бартолд В.В. История культурной жизни Туркестана. – Ленинград: Академия наук ССР, 1927.
2. Галузо П. Г. Туркестан - колония. – Москва : КУТВ, 1929.
3. Khalid A. The Politics of Muslim Cultural Reform: Jadidism in Central Asia. – Berkeley: 1998.
4. Ózbekistannıń jańa tariyxı. Birinshi kitap. – Tashkent: «Sharq», 2000.
5. Rajabov Q. Túrkstan Avtonomiyası ministrleri hám Milliy Májilis aǵzalarınıń iskerligi. – Tashkent: «Fan», 2007.
6. Набиев Р. Из истории политической борьбы в Туркестане (1917-1920 гг.). – Ташкент: «Фан», 1996.
7. Shokaev M. Turkstan turmısınan kórinisler (1917-jil eske túsiriwler). – Tashkent: «Yulduzcha», 1992.